

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pondok Pasantren mangrupa puseur atikan tradisional nu aman di jaman milenial ieu, hiji lembaga nu diwangun ku para santri jeung dipimpin ku ajengan, teu saeutik kolot nu nitipkeun budakna ka Pasantren. Loba élmu-élmu kaagamaan nu diajarkeun di pasantren mimiti ti ngaji kitab salaf, modern, jeung élmu kabasaan. Tapi, nu jadi dasar pikeun santri saacan diajar rupa-rupa kitab pasantren nyaéta nulis Arab kalayan bener utamana Arab Pégon. Sakumaha nu disebut Arab Pégon nyaéta hiji tulisan, aksara atawa huruf Arab teu maké lambang atawa tanda baca atawa sora. Arab Pégon bisa disebut ogé hiji kitab ku basa Arab, Melayu, Sunda atawa basa daerah lianna kalayan ngagunakeun tulisan Arab. Masyarakat Islam, utamana nu tradisional lolobana apal hurup Pégon. Hurup ieu populér pisan nalika asupna Islam ka Nusantara.

Arab Pégon di Nusantara raket pisan patalina jeung siar Agama Islam, salalahiji cara nu dilakukeun ku para ulama salaku tarékah nyebarkeun Agama Islam. Nurutkeun Koéntjaningrat (1994, kc. 20), dina kasusatraan Jawa aya ogé nu ditulis ku cara tulisan pégon atawa gundul, ngagunakeun aksara ieu utamana jang kasusatraan Jawa nu sipatna agama Islam. Lain kasusatraan Jawa hungkul tapi nyatana nyakup Nusantara sabab nurutkeun Dahlan (1992, kc. 29), pikeun maranéhna nu diajar kasusatraan Indonésia mindeng ngagunakeun aksara Arab ieu komo di Malaysia disebut aksara Jawi. Dina *Kamus Besar Bahasa Indonésia* (KBBI), pégon mangrupa aksara Arab nu digunakeun pikeun nuliskeun basa Jawa atawa tulisan Arab nu teu boga tanda-tanda sora (diakritik); tulisan Arab gundul. Partanto jeung Al Barry (1994) nyebutkeun yén Arab Pégon mangrupa tulisan, aksara atawa huruf Arab teu maké lambang atawa tanda baca jeung sora. Dina kamus Jawa-Indonésia, pégon artina teu bisa ngucapkeun (Purwadi, 2003). Kecap pégon asalna tina kecap pego nu artina nyimpang, sabab basa nu ditulis dina hurup Arab dianggap hiji hal nu teu umum. Arab Pégon asalna tina hurup Arab hijaiyah nu disaluyukeun ku aksara (abjad) Indonésia.

Hurup pégon aya di sabudeureun Pondok Pasantrén pikeun ngama'naan atawa narjamahkeun kitab-kitab basa Arab ka basa Jawa, Sunda atawa Indonésia pikeun ngagampangkeun dina nulisna, sabab nulis Arab teu sarua jeung nulis latén, nyaéta ti mimiti katuhu ka kénca, kitu ogé nulis pégon. Di sabudeureun Pondok Pasantrén, geus umum pikeun kaparigelan nulis Arab jeung pégon, tapi pikeun santri anyar atawa budak didik nu anyar nyaho kana kaélmuan di Pasantrén nu ampir kabéh kaélmuan ngagunakeun tulisan Arab jeung pégon, ngajadikeun kaparigelan ieu lumayan hésé. Sanajan kitu teu saeutik ogé santri nu geus apal tulisan ieu saméméh ka Pasantrén. Pangajaran pégon ieu ogé dilaksanakeun di Pondok Pasantren Al Barokah Kota Bandung. Ku aksara Arab ieu, geus ditulis jeung disusun ratusan buku ngeunaan ibadah, hikayat, tasawuf, sajarah nabi jeung rosul sarta buku-buku roman sajarah. Saméméh dijajah tulisan latén diajarkeun disakola-sakola, aksara Arab mineng digunakeun dina susuratan, komo di pasisian nu umumna nepi ka jaman mimiti kamerdékaan, aya kénéh jalma nu buta aksara latén tapi teu buta aksara Arab, sabab maranéhna sakurang-kurangna bisa maca aksara Arab, boh maca Al-Qur'an atawa nulis surat ku aksara Arab.

Nurutkeun Lombard (2000, kc. 164), taun 1880 aksara Arab dipaké nulis Basa Melayu, Basa Acéh jeung Minangkabau. Pasantrén loba mawa hasil dina ngahontal pangajaran utamana Basa Arab. Narjamahkeun kitab konéng ku cara maké Arab Pégon nalika pangajaran disebut ngalogat dina méré hartina. Ku kituna, santri anu diajar di pasantrén sok nulis make aksara arab pégon.

Santri téh nyaéta murid nu diajar agama Islam di Kiai (Danadibrata, 2015 kc. 209). Bédana kitab konéng jeung nu séjén dina métode pangajaranna. Geus dikanyahokeun yén aya dua méode nu mekar di pasantrén neuleuman kitab konéng, nyaéta métode sorogan jeung métode balagan. Métode sorogan nyaéta métode anu dipaké ku santri pikeun maca kitab dihareupeun ajenganna. Mérode balagran nyaéta métode anu dipaké ku pasantrén ku cara santri merhatikeun bacaan jeung katerangan ajengan bari méré tulisan dina kitabna. Tulisan éta bisa mangrupa katerangan ti kiyaina.

Tulisan mangrupa lambang tinulis tina basa nu gunana pikeun alat baca méré harti nu aya di jerona. Pangabisa maca dipaké méré harti tulisan nepi ka maham.

Maké Basa Sunda dina tulisan Arab Pégon salaku sistem nu dipaké di Pondok Pasantrén mangrupa hiji lambang jeung campuran Budaya Sunda pikeun méré pamahaman kana eusi kitab konéng nu dijerna maké basa Arab.

Nilik pakta di pasantrén aya sisi validitas jeung invaliditas. Valid nu dimaksud nya éta, pangaruh gedé media Arab Pégon dina ngabantu nu diajar pikeun leuwih maham harti nu aya di jero téks arab wangun kitab konéng atawa kitab-kitab lianna. Prosés ieu leuwih beurat ka nalungtik kecap per kecap, nepi ka proses narkib (istilah nu diajar) dina maca kitab konéng bisa disebut taliti.

Lian validitas di luhur, urang ogé bakal manggih invaliditas di jero métode ieu ku majuna jaman, buku kontéporér ogé silih mekar jeung basa nu digunakeun leuwih patukang-tonggong ku basa kitab-kitab klasik. Kitab-kitab kontéporér leuwih miboga istilah-istilah modérn nu mana istilah éta can bisa dihartikeun atawa dialihbahasakeun ku cara ngagunakeun Arab Pégon.

Teu saeutik conto-conto dina istilah kontéporér nu can bisa dialihbahasakeun ku cara ngagunakeun basa daérah nu leuwih bisa dipikaharti ku jalma awam. Didieu urang bisa nempo yén métode ngagunakeun Arab Pégon kurang di jaman ayeuna. Ditilik tina métode ieu can bisa ngawengku dina kabéh aspék basa, loba basa-basa modérn nu can bisa dialihbahasakeun. Basa kuduna simpel, tapi nalika dihartikeun make Arab Pégon jadi Panjang. Éta kabéh lantaran pangaruh Jaman jeung mangaruhan kana métodologi pangajaran.

Skripsi ieu disusun pikeun salasahiji tarékah dina mekarna kaélmu ngeunaan masalah tradisi Arab Pégon di Pondok Pasantrén dipiharep bisa ngabantu nempatkeun dina proporsina. Nginget kawatesan waktu jeung pangaweruh, skripsi ieu dihaja ngawatesan ulikanna dina prosés pangajaran kitab konéng ku cara ngagunakeun Arab Pégon hungkul.

Dina kasempetan ieu panyusun nyokot panalungtikan di Pondok Pasantrén Al Barokah. Sabab tempat mangrupa salasahiji hal nu jadi tinimbangan, sacara géografis deukeut imah panyusun, sagala informasi teu hésé, jeung hiji hal nu leuwih utama nyaéta sabab Pondok Pasantrén Al Barokah ka asup salah sahiji

Pondok Pasantrén nu ti mimiti ngadeg nepi ka ayeuna konsistén ngagunakeun Arab Pégon.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana éta hal, masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- a. Kumaha sistem pangajaran Arab Pégon di Pondok Pasantrén Al Barokah Bandung?
- b. Kumaha prosés pangajaran Arab Pégon di Pondok Pasantrén Al Barokah Bandung?
- c. Kumaha bahan ajar nulis Arab Pégon di Pondok Pasantrén Al Barokah Bandung?
- d. Kumaha kamampuh nulis Arab Pégon di Pondok Pasantrén Al Barokah Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah nu dipedar di luhur, tujuan nu baris dihontal dina ieu panalungtikan dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum nyaéta pikeun nuliskeun abjad, kecap, kalimat ngagunakeun tulisan Arab Pégon di Pondok Pasantrén Al Barokah Kota Bandung. Lian ti éta, pikeun ngarojong jeung ngajak sangkan santri tetep ngagunakeun Arab Pégon, ogé ngamumulé Arab Pégon sangkan tetep aya.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Mikanyaho jeung ngadéskripsikeun sistem pangajaran Arab Pégon di Pondok Pasantrén Al Barokah Bandung.
- b. Mikanyaho jeung ngadéskripsikeun prosés pangajaran Arab Pégon di Pondok Pasantrén Al Barokah Bandung.

- c. Kumaha bahan ajar nulis Arab Pégon di Pondok Pasantrén Al Barokah Bandung?
- d. Mikanyaho kamampuh nulis Arab Pégon di Pondok Pasantrén Al Barokah Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan téh ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Nyumbang pamikiran salaku sumber référénsi panalungtikan ngeunaan implementasi ngagunakeun Arab Pégon di tingkat Pondok Pasantrén.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun:

- 1) Pikeun Guru, Mikanyaho kualitas guru dina ngalaksanakeun prosés diajar ngajar di Pondok Pasantrén, nganalisis sa jauh mana optimalisasi implementasi Arab Pégon di Pondok Pasantrén, ningkatkeun pangaweruh, pamahaman jeung pangalaman dina ruang lingkup nu leuwih jembar pikeun nunjang profésina salaku guru.
- 2) Pikeun Pasantrén, mikanyaho jeung ningkatkeun implementasi ngagunakeun Arab Pégon di Pondok Pasantrén.
- 3) Pikeun Panalungtik, meunang pangaweruh jeung pamahaman anyar ngeunaan salasihiji aspék nu penting dina ningkatkeun kualitas atikan di Indonésia. Ku kituna dipiharep panalungtik salaku calon guru siap ngalaksanakeun pancén luyu jeung kabutuhan sarta kamajuan jaman.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika ieu skripsi disusun jadi lima bab, sakumaha diwincik ieu di handap.

Bab I Bubuka, mangrupa bab mimiti nu eusina medar ngeunaan bubuka. Dina bab bubuka maluruh ngeunaan kasang tukang panalungtikan, identifikasi jeung

rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung organisasi tulisan nyusun skripsi.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu patali jeung panalungtikan.

Bab III Metode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku sababaraha komponen, nyaéta lokasi panalungtikan jeung sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, instrumén pangumpul data, téknik ngumpulkeun data jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina maluruh ngeunaan eusi jeung analisis.

Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran pikeun nu nyusun hususna, umumna pikeun nu maca.